



# Revni Sekirite Siplemantè (SSI) nan Kalifòni

## Ki sa ki andedan

Ki sa SSI ye?	1
Asistans medikal	2
Pwogram Asistans pou Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP)	2
Lòt sèvis sosyal	2
Montan pèman mansyèl SSI	2
Pou kontakte Sekirite Sosyal	3

## Ki sa SSI ye?

Revni Sekirite Siplemantè (Supplemental Security Income, SSI), se yon pwogram federal ki bay pèman lajan kach chak mwa pou moun ki nan bezwen. SSI se pou moun ki gen 65 an oswa plis, ansanm ak moun ki avèg oswa ki andikape ki gen nenpòt laj, san wete timoun.

Pou kalifye pou SSI, ou pa dwe gen anpil revni oswa ou pa dwe gen revni ditou epi kèk resous. Valè bagay ou posede yo dwe mwens pase \$2,000 pou selibatè oswa mwens pase \$3,000 pou koup ki marye ki abite ansanm. Nou pa konte valè kay ou vo si w abite ladan l, epi, abityèlman nou pa konte valè machin ou vo. Nou ka pa konte valè kèk nan lòt resous ou yo vo nonpli, tankou yon plas nan simityè.

Pou resevwa SSI, ou dwe aplike tou pou nenpòt lòt benefis gouvènman an ou ka elijib pou resevwa. Ou dwe abite Ozetazini oswa nan zile Maryàn Nò yo pou resevwa SSI. Si w pa

yon sitwayen ameriken, men ou abite Ozetazini legalman, ou ka toujou kapab resevwa SSI. Pou plis enfòmasyon, li *Supplemental Security Income (SSI) for Noncitizens* (Piblikasyon No. 05-11051-HC).

Leta Kalifòni ajoute plis kòb sou pèman gouvènman federal la. Sèl pèman ou resevwa nan kòmansman chak mwa a genyen ladan l ni pèman federal SSI la ni sipleman Kalifòni mete sou li a.

## Asistans medikal

Si w resevwa SSI, abityèlman ou ka resevwa asistans medikal (Medi-Cal) otomatikman. Li pa nesesè pou ranpli yon aplikasyon separe pou Medi-Cal. Si w ta gen nenpòt kesyon konsènan Medi-Cal, kontakte biwo lokal sante oswa sèvis imen nan konte w la.

## Pwogram Asistans pou Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP)

Moun ki resevwa SSI nan Kalifòni paka resevwa benefis SNAP, ki te konn rele kupon alimantè (food stamps), paske olye de sa leta ajoute lajan sou pèman federal SSI la.

Sepandan, ou ka elijib pou resevwa benefis SNAP:

- Pandan w ap ret tann pou yo pran yon desizyon sou aplikasyon SSI ou a;
- Si yo pa apwouve aplikasyon pou SSI ou a;
- Si w demenaje al nan yon lòt eta; oswa
- Akòmanse nan mwad out 2016, pandan mwa kote yo te entèwonp oswa sispann pèman SSI ou yo.

Pou plis enfòmasyon, biwo lokal sante oswa sèvis imen nan konte w la.

## Lòt sèvis sosyal

Moun ki kalifye pou SSI souvan konn elijib pou lòt pwogram ak sèvis biwo lokal sante oswa sèvis imen nan konte yo a. Lòt sèvis oswa benefis sa yo ka gen ladan yo:

- Yon alokasyon espesyal pou chyen ki bay asistans pou moun ki avèg oswa moun ki gen yon envalidite;
- Kèk sèvis domestik ak swen pèsonèl yo bay moun ki elijib ki aje, avèg oswa ki paka fè kèk sèvis poukont yo, epi ki paka rete lakay yo poukont yo san danje amwenske yo jwenn sèvis sa yo; epi
- Sèvis pwoteksyon.

Pou plis enfòmasyon, biwo lokal sante oswa sèvis imen nan konte w la.

## Montan pèman mansyèl SSI

Tablo ki anba a site montan pèman konbine federal ak leta a. Se pa tout moun k ap resevwa SSI k ap jwenn montan maksimòm nan. Pèman w lan ka pi ba si w gen lòt revni.

Kategori	Pèman mansyèl total pou 2018		
	Aje	Envalid	Avèg
<b>Selibatè</b>			
Ap viv endepandan	\$910.72	\$910.72	\$967.23
Swen andeyò kay la pou rezon non-medikal	\$1,173.37	\$1,173.37	\$1,173.37
Ap viv endepandan, pa gen kote pou fè manje	\$997.04	\$997.04	P/A
Ap viv lakay yon lòt moun	\$664.24	\$664.24	\$720.76
Timoun minè ki andikape		\$ 815.15	
Timoun minè ki andikape k ap viv lakay yon lòt moun		\$ 568.67	
<b>Koup ki aje oswa envalid</b>			
Ap viv endepandan	\$1,532.14		
Swen andeyò kay la pou rezon non-medikal	\$2,346.74		
Ap viv endepandan, pa gen kote pou fè manje	\$1,704.77		
Ap viv lakay yon lòt moun	\$1,162.41		
<b>Koup ki avèg</b>			
Ap viv endepandan			\$1,683.19
Ap viv lakay yon lòt moun			\$1,313.46
Swen andeyò kay la pou rezon non-medikal			\$2,346.74

Kategori	Pèman mansyèl total pou 2018		
	Aje	Envalid	Avèg
<i>Selibatè</i>			
<i>Yon moun avèg ki gen yon konjwen ki aje oswa ki envalid</i>			
Ap viv endepandan			\$1,625.65
Ap viv lakay yon lòt moun			\$1,255.92
Swen andeyò kay la pou rezon non-medikal			\$2,346.74
<i>Ap viv nan yon etablisman Medicaid</i>			
Selibatè	\$51.00	\$51.00	\$51.00
Koup	\$102.00	\$102.00	\$102.00

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou demilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

### Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my* Social Security pou egzamine *Social Security Statement* (*Deklarasyon Sekirite Sosyal*) ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;

- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

### Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

Social Security Administration  
Publication No. 05-11125-HC | January 2018  
Revni Sekirite Siplemantè (SSI) nan Kalifòni  
Supplemental Security Income (SSI) in California (Haitian-Creole)  
Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a